3. Печеркина А.А. Развитие профессиональной компетентности педагога: теория и практика [Текст]: монография. / А.А.Печеркина, Э.Э.Сыманюк, Е.Л.Умникова: Урал. гос. пед. ун-т. -Екатеринбург: [б.и.], 2011. –С. 233.

4. Субочев Н.С., Архипова Т.Г. Компетентностный подход в управлении персоналом: учебное пособие. / Волгоградский институт управления – филиал ФГБОУ ВО РАНХиГС. –Волгоград: Издательство Волгоградского института управления – филиала РАНХиГС, 2016.

5. Ivanov I., Lukyanova T. Development of the model of competence: approaches and implementation. // Vestnik Universiteta. 2019;(1):14-21. (In Russ.) https://doi.org/10.26425/1816-4277-2019-1-14-21

**REZYUME**. Tadqiqot o‘qituvchilarning tashkiliy va boshqaruv kompetensiyasini rivojlantirishning asosiy omillarini aniqlaydi: ilmiylik, maqsadlilik, optimalilik, keng qamrovlilik va boshqariluvchanlik. Ushbu omillarga rioya qilish pedagogik amaliyotni yaxshilaydi. Alohida e’tibor o‘qituvchi-menejerlar uchun tashkiliy va boshqaruv ko‘nikmalarining ahamiyatiga, ularning ta’lim jarayonlarini optimallashtirish va ta’lim sifatini oshirishdagi roliga qaratilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Исследование выделяет основные факторы развития организационно-управленческой компетентности педагогов: научность, целенаправленность, оптимальность, комплексность и регулируемость. Их соблюдение совершенствует педагогическую деятельность. Особое внимание уделяется важности организационно-управленческих навыков для педагогов-менеджеров, их роли в оптимизации педагогических процессов и повышении качества образования.

**SUMMARY.** The study identifies basic factors for the development of organizational and managerial competence among educators: scientific rigor, purposefulness, optimality, comprehensiveness, and controllability. Adherence to these factors enhances pedagogical practice. Particular attention is given to the importance of organizational and managerial skills for educator-managers, their role in optimizing educational processes, and improving the quality of education.

## FILOSOFIYALÍQ KÓZQARASLAR EVOLYUCIYASÍNÍŃ BILIMLENDIRIW TARAWÍNA TÁSIRI

**I.B.Allaniyazov** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** pedagogika, tizim, rivojlanish, shaxs rivojlanishi, shakllanish, ta’lim, ta’rbiya, istimoiyalashuv, nazariya, mustaqillik.

**Ключевые слова:** педагогика, система, развитие, развитие личности, формирование, обучение, воспитание, социализация, теория, самостоятельность.

**Key words:** pedagogy, system, development, development of personality, formation, teaching, training, socialization, theory, independence.

**Kirisiw.** Házirgi zaman, ásirese keyingi jılları baspadan shıqqan pedagogikalıq ádebiyatlarda, oqıw orınlarında, sonday-aq konferenciyalar hám keń ilimiy pedagogikalıq pikirlerde, mámleketlik bilimlendiriw salasın gumanizaciyalaw hám demokratizaciyalaw mashqalası úlken pikir talaslarına sebep bolıp atır. Bilimlendiriw tarawı alımları hám oqıtıwshıları tárepinen bul mashqalaǵa sonshelli tereń itibar qaratılıwınıń tiykarǵı sebebi zamanagóy filosofiyalıq kóz-qaraslardıń evolyuciyalıq jetiliskenlikleri hám insannıń ózi ilimiy izertlewler orayına aylanǵanı menen baylanıslı bolıp tur.

**Ádebiyatlar talqılawı hám metodlar.** Usı búginge shekem pedagogikanıń tiykarǵı wàzıypası - dep arnawlı pát berilip kelingen «oqıtıw», «tárbiya» hám «rawajlanıw» kategoriyalarına tálim-tarbiya processinde ayrıqsha dıqqat awdarıldı. Pedagogika usı wàzıypanı tálim-tarbiya procesine inabatlı endiriw arqalı adamzattı házirgi zaman civilizaciyası dárejesine kótere aldı.

Keńlew aytqanda, bilimlendiriwdi gumanizaciyalaw – «bul oqıtıwshı hám bilim alıwshı shaxstı biybaha insanıy qádiriyat dep tán alǵan halda bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw, olardıń qızıǵıwshılıqların, óz-ara múnasábetlerin jetilistiriw máqsetinde ózin-ózi kámil insan etip qáliplestiriw ushın zárúr sharayatlardı tıǵız baylanıslı iske asırıw» [2].

Bul pikirlerimiz sheńberinde biz keń filosofiyalıq mashqala, shaxstıń dóretiwsheń óz betinshe rawajlanıwın filosofiyalıq kóz-qarastan túsiniw kerekligi haqqında klassik filosofiyanıń tiykarın salıwshı Immanuel Kanttıń «insan kim?» atlı máńgi soraw ústinde oylap, ol shaxstı jeke minez-qulıq hám ózin jetilistiriwshi subyekt sıpatında túsindiriw múmkin – degen pikirin atap ótpekshimiz. Keyinrek bul ideya ekzistensyalistler tárepinen qabıl etilip, olar «adam ózin-ózi shaxs etip qáliplestiredi» [9:452] - dep tastıyıqladı.

Pedagogikada qollanılatuǵın eń áhmiyetli túsinik-kategoriyalardıń biri «rawajlanıw». Lekin pedagogika sabaqlıqlarında bul túsiniktiń mazmunı hám talqını menen baylanıslı hár qıylı anıqlamalar bar. Ayırım sabaqlıqlarda «rawajlanıw» túsinigine «qáliplesiw», basqalarında «qáliplesiw» , «rawajlanıw» arqalı iske asadı - dep túsinik berilgen.

T.A.Ilina óziniń «Pedagogika» sabaqlıǵında rawajlanıwǵa: «insan rawajlanıwı – bul ishki hám sırtqı basqarılatuǵın hám basqarılmaytuǵın faktorlar tásirinde shaxstıń qáliplesiwi hám qáliplesiw barısı bolıp, olar arasında maqsetli tálim-tárbiya jetekshi ról oynaydı» -degen anıqlama beredi [4:18].

Yu.K.Babanskiydiń «Pedagogika» sabaqlıǵında shaxstıń qáliplesiwi: «qorshaǵan ortalıq, násil hám tárbiya tásiri astındaǵı hám proces, hám nátiyje» –dep sıpatlanadı [5:10].

Kórip turǵanıńızday, «rawajlanıw» túsiniginiń táriypinde: «rawajlanıw», «qáliplesiw» arqalı, al qáliplesiw «rawajlanıw» arqalı iske asadı degen ádetiy logikalıq qátege jol qóyılǵan. Pedagogikada rawajlanıw mashqalasına úlken itibar beriliwine qaramastan, tiykarǵı dıqqat, tárbiyalanıwshı oqıwshı shaxsınıń rawajlanıwına dástúriy halda keń dıqqat qaratılıp atır. Sonıń menen birge, oqıwshı, tárbiyalanıwshınıń ózliginiń qáliplesiwi pútin bilimlendiriw sisteması rawajlanıwınıń pedagogikalıq nátiyjesi bolıp tabıladı. Sol sebepli, bunday rawajlanıwǵa tán ózgesheliklerine, sistemanıń rawajlanıw barısı hám nátiyjesine jeterli dárejede kerek nárseler ne ekenligin túsinip alıwımız kerek bolıp esaplanadı.

Bul sorawǵa eń ulıwma hám naq juwaptı «Filosofiyalıq enciklopediya» da tabamız: «Rawajlanıw» - bul materiallıq hám ideal obyektlerdıń nızamlı jóneltirilgen, qaytalanbas halda ózgeriwi. Tek ǵana kórsetilgen bul úsh belgilerdiń bir waqıtta birge iske asatuǵınlıǵı rawajlanıw barısı ózgesheliklerin basqa ózgerislerden ajıratıp turadı. Ózgeriwshen ózgerisler insannıń iskerlik kórsetiw proceslerine tán, (yaǵnıy turaqlı baylanıslar hám qatnaslar sistemasınıń siklik tákirarlanıwı); rawajlanıwda jónelis bolmasa, ózgerisler bolıwı múmkin emes, bul baǵdar bolsa processtiń ózine tán rawajlanıwı, birden-bir, ishki óz-ara baylanıstı joq etedi, nızamlıqlardıń bolmawı katastrofalıq tiptegi kútilmegen ózgerislerge alıp keliwin belgileydi. Rawajlanıwdıń filosofiyalıq mánisi, qatnaslar hám qubılıslar arasındaǵı barlıq kóp túrli ulıwma baylanıslardıń tákirarlanıwın ańlatadı. Rawajlanıw nátiyjesinde obyekttiń jańa sapa halatı payda boladı» [9:479]. Bul sapa ózgeris álbette, bilimlendiriw tarawına da tásir etpekte.

Eger biz bul anıqlamanı bilimlendiriw sistemasınıń rawajlanıw procesi hám nátiyjesiniń pedagogikalıq nızam hám qaǵıydaları sıpatında paydalanatuǵın bolsaq, ol jaǵdayda «qanday nızamlılıq tálim-tarbiya sistemasındaǵı unamlı ózgerislerdiń qaytalanbaslıǵın anıǵıraq túsindire aladı?» degen soraw tuwıladı.

**Nátiyjeler.** Sorawǵa juwap beriw hám tiykarǵı pedagogikalıq túsinik – kategoriyalarin analizlew arqalı pedagogikalıq sistemanıń rawajlanıwınıń tómendegi nızamlıqların ajıratıp kórsetiw múmkin:

a) «tálimde – dástúriy bilimlendiriwden óz betinshe maǵlıwmat aliwǵa úyretiw;

b) tárbiyada - ózin-ózi tarbiyalawǵa ótiw;

v) sociallasıwda – jasaw ushın ózin-ózi túsinip, biliw-ańlaw, ózin rawajlandırıw hám qáliplestiriw arqalı óz potenciyalların tolıq iske asırıwǵa ótiw.

g) oqıtıwda – óz betinshe bilim aliwǵa úyretiw;

d) pedagogikalıq sistemanı bir pútin tolıq rawajlandırıw ushın (shaxstı - A.I) rawajlandırıwdan–onıń ózin ózi rawajlandırıwǵa ótiw»-in [1:15] táminlewimiz zárúr.

Pedagogikalıq sistemanıń rawajlanıwınıń bul nızamlıqlarınan gózlengen maqset – «jeke adamnıń jámiyettegi ádep-ikramlıq normalarına ılayıq óziniń minez-qulqındaǵı unamlı qásiyetlerdi rawajlandırıwǵa hám unamsız qásiyetlerdi saplastırıwǵa qaratılǵan sanalı xızmeti» [8.83] ózin-ózi tárbiyalawǵa, «insannıń joqarı psixikalıq funksiyaları qıqqat-itibarın, erk kúshin, sezimler, pikirleri t.b.-ın rawajlandırıw arqalı, dúnyaǵa kóz-qarasın, bilimlerin, qábilet, uqıp, kónlikpelerin, qıqqat-itbar, isenimlerin, bahalı qádiriyatlarǵa baǵdarlay alıw» [6:183] kamil insandı qáliplestiriw.

**Talqılawlar.** Aytılǵan pikirlerden kelip shıǵıp, pedagogikalıq (tálim - tárbiya) sistemanıń «rawajlanıwı» túsinigin tómendegishe belgilew múmkin: «tálim-tarbiya sistemasınıń rawajlanıwı - bul sistemanıń maqsetli unamlı ózgeriw procesi hám nátiyjesi bolıp, onıń eń keń tarqalǵan úlgili rawajlanıw nizamlılıqlarınan paydalanǵan halda ózin-ózi rawajlandırıwǵa ótiw» [1:15].

Pedagogikalıq túsinik-kategoriyalardı analiz qılıwdıń tiykarǵı qıyınshılıǵı sonda, olardıń tariyxıy rawajlanıwı bir-birinen ózgeshe mazmunǵa iye, mısalı, barlıq dáwirde bilimlendiriw, oqıtıw, tálim-tárbiya, olardıń teoriyası hám ámeliyatın islep shıǵıw jumısları birdey bolmaǵan. Hár qıylı dáwirlerde itibar shaxstı gá oqıtıwǵa, gá tàrbiyaǵa, gá rawajlanıwǵa, usı jollar menen onıń qáliplesiwine qaratılǵan. Al, búgingi kúnde bas dıqqat shaxstıń sociyallasıwına, onıń óz betinshe rawajlanıwı hám ózin-ózi tárbiyalawına qaratılıp atır. Sol sebepli, keleshek bizden pedagogikalıq teoriya hám ámeliyat rawajlanıwı menen tikkeley baylanıslı pedagogikalıq kategoriyalar haqqındaǵı túsiniklerimizdi sistemalı - muwapıqlastırılǵan halda tereń úyreniwdi talap etpekte.

Pedagogikalıq izertlewlerde, ásirese sońǵı on jıllıqlarda, óz-ózin rawajlandırıw túsinigi (oqıtıwshınıń ózin-ózi rawajlandırıwı, oqıwshınıń ózin-ózi rawajlandırıwı) keń qollanıla baslanıwı sebepli, biz bul fenomen haqqındaǵı túsinikke anıqlıq kiritemiz.

Shaxstıń óz betinshe rawajlanıwı, bul ózin-ózi rawajlandırıw maqsetinde shaxstıń hár qıylı iskerligi barısındaǵı baylanısları hám qatnasıqlarında ózin-ózi biliwi, ózin-ózi basqarıwı, ózin-ózi usınıp «Men»in kórsete biliwi, ózin jetilistiriw, óz potenciyalların iske asırıw ushın zárúr sistemanı qáliplestiriwge tiykar bolǵan subiyekt-subiyektlik ózine ózi tásir etiw barısı hám nátiyjesi.

Sonı atap ótiw kerek, tálim-tarbiya sisteması - shaxstı rawajlandırıw ǵana emes, al shaxstıń óz

betinshe rawajlanıwın hám qáliplesiwinde támiyinley alıwshı biosocial sistema. Joqarıda analiz etilgen túsiniklerge qosımsha túrde, pedagogikada «pedagogikalıq teoriya» túsinigi keń qollanıladı, onı tómendegishe anıqlaw múmkin.

«Pedagogikalıq teoriya bul - jańadan joybarlanıwı tiyis bilimlendiriw sistemasınıń islewi hám rawajlanıwı nàtiyjeliligin tiykarlı dárejede kótere alatuǵın, belgili bir pedagogikalıq mashqalalardı (wazıypalar) sheshiw modelin islep shıǵıwǵa (joybarlastırıwǵa) múmkinshilik beretuǵın pedagogikalıq ideyalar, principler, nızamlılıqlar, usıllar sisteması [1:16].

Solay etip, juwmaq sonnan ibarat, tàrbiya túrleriniń bári adamnıń kámil insan bolıp qáliplesiwine kompleks tásir jasaydı. Olardıń hár biriniń insan ómirindegi ornı girewli. Hesh qaysısına birinshi ya ekinshi orındı berip bolmaydı. Degen menen ullı adamlardıń ómir tájiriybelerine názer awdarsaq, olar ózleriniń biyik abroy shıńlarına tınımsız umtılıwshılıq penen óz betinshe miynet etiwi arqalı eriskenin kóremiz. Búgingi zamannıń kúnnen kúnge jedel pát penen rawajlanıwı hám siyasiy, social-ekonomikalıq qubılıslardıń oǵada ózgeriwsheńligi jaslarımızdıń zamanǵa beyimlesiwin talap etip tur. Bunday beyimlesiwlerge erisiw hár bir adamnan óz maqset ármanlarına erisiw ushın úlken kúsh jigerdi talap etedi. Solay bolsa, biziń wàzıypamız - talaba jaslarımızǵa ózbetinshelik sırların úyretiw.

XXI ásir talabası – talaba izleniwshi, sebebi ol óz ómir jolı gúzarında turaqlı innovaciy-motivaciyaǵa iye, maqsetlerine ata-ana, ustazlarınıń aqıl-nàsiyatların ózbetinshelik penen iske asırıp, árman shıńlarına shıǵa alatuǵın talaba-ámeliyatshı bolıwı kerek. Bul pikirimiz pedagogikalıq joqarı oqıw orınları talabalarına, ózleriniń keleshegin boljawlı oylawına, innovaciyalıq mádeniyatın rawajlandırıwǵa, ózin-ózi tárbiyalawǵa, óz «Men»in jetilistiriw, óz potenciyalların iske asırıw arqalı ózin- ózi qáliplestiriwge járdem beredi.

Usınday joqarı máqsetlerge pedagoglarımız benen ata-analarımız tálim-tárbiya jumıslarında perzentlerimizdi óz betinshe bilim alıwǵa, ózin ózi tàrbiyalawǵa, ózin-ózi rawajlandırıwǵa hám ózin-ózi usınıp, óziniń kim ekenin, anıǵıraq aytsaq uqıp, qábilet hám kónlikpelerin kórsete biliwge (prezentaciyalawǵa) eristire alsa ǵana jete aladı. Buǵan tariyxta mısallar jetkilikli. Orator Demosfen, ullı ásker basılar Shıńǵısxan, A. V. Suvorov, babamız Ámir Temur hám t.b. kórnekli insanlar jetisken dańq, abroy, mártebeleri shıńlarına ózleriniń tabanlı ózbetinshe qatań umtılıwshılıqları nátiyjesinde erisken.

**Juwmaq.** Pikirlerimizdi, «óz betinshe tálim tek tálimdi mazmunlı shólkemlestirwde ǵana aktual bolıp qalmastan, pedagogikalıq oqıw orınlarında pedagog kadrlardı tayarlawda da áhmiyetli. Tálimdi gumanizaciyalaw hám demokratiyalastırıw sharayatında insannıń rawajlanınındaǵı eń baslı baǵdar oqıw-tárbiyalıq proceske qaratılǵan» [10:72] bolıwı hám ullı rus pedagogı K.D.Ushinskiydiń «Tárbiyashı shákirtleriniń óz betinshe islewine sharayatlar jaratıp beriwi lazım. Oqıwshını tayar bilimler menen qurallandırmastan, onıń ózine tuwrı sheshimler qabıllawdı úyretiwi lazım» [7:114] – degen, biybaha násiyatı penen tastıyıqlaymız.

## Ádebiyatlar


1. Андреев В.И. Концептуальная педагогическая прогностика. – Казань: Центр инновационных технологий. 2010. –С.220.
2. Allaniyazov I.B. Mektep jumısların gumanizacialaw. // «Muǵallim hám úzliksiz bilimlendiriw». 2006. № 4.
3. Головин С.Ю. Словарь практического психолога. – Минск: Харвест, 2000.
4. Kóriń kitap: Теория и практика воспитательных систем. / под ред. Л.И.Новиковой. –Москва: «Школа-пресс», 2020.
5. Ильина Т.Н. Педагогика. – Москва: «Просвещение», 1987.
6. Новиков А.М. Педагогика: словарь системы основных понятий. –М.: Издательский центр ИЭТ, 2013. – С.268.
7. Педагогика / под ред. Ю.К. Бабанского. –Москва: «Просвещение», 1988. -С.305.
8. Қосназаров Қ., Абипов Г., Пазылов А. Педагогика-психология терминлериниң орысша-қарақалпақша қысқаша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: «Билим», 1994. 148-б.
9. Философский энциклопедический словарь. –Москва: «Республика». 2001. – С.719.
10. Urumbaeva A. «Psixologiyanı oqıtıw metodikası» Oqıw qollanba. –Nókis: «Bilim», 180-b.


**REZYUME.** Maqolada falsafiy evolyutsiyaning ta’lim tizimiga ta’siri bo‘yicha mulohazalar bayon etiladi. Bunda filosof va pedagog olimlarning pedagogika tizimi va nazariyasi bo‘yicha qarashlari hisobga olinadi. O‘qitishda mustaqil bilim olishga o‘rgatish, tarbiyada – o‘zini-o‘zi tarbiyalashga o‘tish, ta’limda – hozirgi ta’limdan mustaqil bilim olishga o‘tish va b. g‘oyalar xususida mulohaza yuritiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье изложены рассуждения о влиянии философской эволюции на систему образования. При этом учитываются взгляды ученых философов и педагогов на систему и теорию педагогики. Обсуждаются идеи перехода в образовании на самообразование, в обучении – на самостоятельное обучение, в воспитании на самовоспитание и.т.д.

**SUMMARY.** The article discusses the influence of philosophical evolution on the education system. At the same time, the views of philosophical scientists and teachers on the system and theory of pedagogy are taken into account. Ideas are discussed is about transition in education to self-education, in training to self-education, in upbringing to self-education, etc.